

Bati pou Demen

Lokal pou okipe moun lajounen sa a patisipe nan Pwogram pou Bay Timoun ak Granmoun Manje a (CACFP, ki rele nan lang angle «Child and Adult Care Food Program»). Pwogram sa a se yon pwogram federal ki bay timoun yo okipe lajounen yo manje ak ti goute byen balanse.

Chak jou, gen plis pase 2,6 milyon timoun ki patisipe nan pwogram CACFP a, nan kay ak sant kote yo okipe moun lajounen nan tout peyi a. Yo peye kote sa a yo pou sèvi manje fòtifyan ki dakò ak kondisyon USDA mande yo. Pwogram sa a jwe yon wòl enpòtan anpil pou fè swen yo pi bon, nan kote yo okipe moun lajounen yo, ak pou pèmèt fanmi ki pa touche anpil lajan yo pa depanse anpil.

Manje yo Kay ak sant ki nan pwogram CACFP a suiv kondisyon USDA mande yo, pou manje.

MANJE NAN MATEN	MANJE MIDI OSWA SOUPE	TI GOUTE (2 NAN GWROUP 5 YO)
Lèt Legim oswa fwi Grenn/pen oswa vyann/altène vyann	Lèt Legim Fwi oswa legim Grenn/pen Vyann/altène vyann	Lèt Legim Fwi Grenn/pen Vyann/altène vyann

Enstitisyon yo Gen anpil kay ak sant kap patisipe nan pwogram CACFP a, epi ki gen menm objektif pou yo bay moun yap sèvi yo manje ak ti goute ki fòtifyan. Nan pami enstitisyon ki patisipe yo, genyen:

- **Sant ki Okipe Timoun:** Sant prive ak piblik ki okipe timoun, epi ki gen lisans oswa pèmision, pwogram Avantaj pran Devan (Head Start), epi kèk lòt sant ki travay pou fè benefis.
- **Kay ki Okipe Fanmi Lajounen:** Kay prive ki gen lisans oswa pèmision.
- **Pwogram ki okipe timoun apre lè lekòl:** Sant nan katye moun ki pa gen anpil lajan, yo bay ti goute gratis pou timoun ki pral lekòl ak pou pitit jennmoun.
- **Sant pou Moun ki Pa Gen Kote pou yo Rete:** Sant ijans yo, fè sèvis manje pou timoun ki pa gen kote pou yo rete.

Kalifikasyon Ajans Eta yo peye enstitisyon ki okipe timoun ki nan katogori sa yo lajounen, san yo pa rete dòmi nan kote a:

- timoun ki gen 12 an oswa pi piti,
- timoun ki soti nan lòt peyi, ki gen 15 an oswa pi piti, epi
- timoun ki rive jouk 18 an, nan pwogram ki okipe timoun apre lè lekòl nan katye moun ki pa gen anpil lajan.

pou Enfòmasyon Si w gen kesyon sou pwogram CACFP a, tanpri kontakte youn nan kote sa a yo:

Parenn Òganizasyon

State Director, CACFP
NYS Department of Health
Division of Nutrition
150 Broadway Suite 650
Albany, NY 12204-2719
1-800-942-3858 (in NY only)
518-402-7400



USDA bay tout moun menm chas pou yo jwenn sèvis ak travay